# Tribinal Premye Enstans Massachusetts

ENSTRIKSYON SOU AFIDAVI MILITE POU PLEYAN K AP REPREZANTE TET YO

| | |
|---|---|
| Kisa fòm sa a ye? | Afidavi Militè a se yon dokiman legal ki enfòme tribinal la si yon moun nan ka a fè pati militè Etazini oswa Sèvis inifòm yo. |
| Ki kote mwen ka jwenn fòm nan? | Ou ka jwenn fòm sa a isit la: https://www.mass.gov/doc/military-affidavit/download |
| Kilè mwen dwe ranpli fòm sa a? | Ou bezwen ranpli yon Afidavi Militè nan nenpòt ka kote Akize a (moun w ap depoze dosye w kont li a) pa vini nan tribinal oswa reponn a avi tribinal la. Anjeneral, ou ranpli fòm sa a nan kòmansman ka tribinal ou a. Si w te ranpli fòm sa a plis pase twa mwa, yo ka mande w pou ranpli l ankò. |
| Poukisa mwen dwe ranpli fòm sa a? | Lwa pou soulajman sivil pou manm sèvis (SCRA) se yon lwa federal ki bay benefis ak pwoteksyon espesyal pou manm sèvis militè ak inifòm Etazini yo.<br><br>Tribinal la pa kapab bay yon jijman kont yon moun ki nan militè ameriken an ki pa vin nan tribinal pandan li nan sèvis aktif. Si w depoze yon ka, ou dwe di Tribinal la, selon sa w konnen, si Akize a ap sèvi kounye a nan nenpòt nan branch Lame Etazini ki endike anba la a:<br>- Lame<br>- Marin<br>- Èfòs<br>- Kò Marin<br>- Gad Kòt<br><br>Fòm nan aplike tou pou:<br>- Ofisye komisyone nan Sèvis Sante Piblik la ak Administrasyon Nasyonal Oseyan ak Atmosfè nan sèvis militè aktif ak pou jiska yon ane apre sèvis aktif.<br>- Manm Gad Nasyonal sou sèten travay.<br>- Sitwayen Ameriken k ap sèvi ak sèten fòs militè alye yo.<br><br>Ou dwe ranpli Afidavi Militè Tribinal Massachusetts la tou si w ap chèche yon jijman pa defo kont yon manm sèvis, jan yo dekri pi wo a. Yon jijman pa defo se yon jijman an favè pati a (ou) ki mennen nan lajistis manm sèvis la, si manm sèvis la pa reponn a pwosè a. |

| | |
|---|---|
| Tèm Kle | “Abòne epi sètifye oswa deklare la verite anba pèn pou fo temwayaj”: Sa vle di ou sèmante sa w ap ekri a se verite selon sa w konnen..<br>Pati/Pati yo: Yon moun oswa moun ki fè pati yon dosye. Sa enkli akize a ak nenpòt lòt granmoun ki gen non ki ekri sou dokiman ki nan ka w la |
| Kijan pou m ranpli fòm sa a? | Tanpri gade fòm afidavi Militè a ki nan pwochen paj la pou ede w. |

# Kijan pou m ranpli fòm sa a?

| | | |
|---|---|---|
| **AFIDAVI MILITÈ**<br>(ANBA 50 U.S.C. § 3931) | DCM\ET NUI, IBck<br>Ekri nimewo ka w la isit la.<br>*Si sa se yon nouvo ka, ou gen dwa poko gen yon nimewo ka.* | **Tribinal Premye Enstans Massachusetts** |

| NON KA | DEPATMAN TRIBINAL (chwazi yon sèl tribinal.) |
|---|---|
| Ekri non w isit la oswa si ka sa a konsène yon gadyen legal oswa yon chanjman non, non moun ka a konsène a. | ☐ Tribinal Minisipal Boston ☐ Tribinal Distri<br>☐ Tribinal Lojman<br>☐ Tribinal Jivenil ☐ Tribinal pwopriyete<br>☐ Tribinal Siksesyon & Fanmi ☐ Tribinal Siperyè<br>Tcheke kare Tribinal kote yo te ranpli ka w la |
| V.<br>Si gen yon Defandan, ekri non yo isit la | DIVIZYON TRIBINAL OSWA KONTE<br>Ekri lokasyon Tribinal la: pa egzanp, Tribinal Siksesyon ak Fanmi pral yon Konte, Tribinal Jivenil pral yon vil, oswa Tribinal Lojman pral yon divizyon. |

Anba Lwa Soulajman Sivil pou Manm Sèvis yo, 50 U.S.C. § 3931, 1. \[Ekri non w isit la] (Mete Non), mwen te siyen anba a pou m afime dapre sa mwen konnen ke deklarasyon ki annapre yo se verite:

Nan Ekri dat ou te konplete

1. Apati \[Ekri dat ou te konplete rechèch la oswa rapnpli dokiman sa a] mete Mwa/Jou/Ane):

A. ☐ Pati ki annapre a (yo) nan sèvis militè jan yo defini nan Lwa Soulajman pou Manm Sèvis yo.

Tcheke kare a epi ekri non nenpòt pati ki nan ka sa a ki nan militè.

x Skip this section if the statement does not apply to any of the partiesin your case.

B. ☐ The following party(ies) is/are NOT in military service as defined in the Servicemembers Civil Relief Ad.

Check the box and write the names of any parties in this case that are not in the military.

x Sote seksyhon sa a si deklarasyon ann pa aplike a okenn nan pati ki nan ka w la.

C. ☐ Pati ki annapre a (yo) PA nan sèvis militè jan yo defini nan Lwa Soulajman pou Manm Sèvis yo. (Also, indicate the exact date that the party(ies) has/have conduded milttary service.)

Tcheke kare a epi ekri non pati nan ka sa a ki te nan militè, men ki pa ladann ankò, epi bay dat egzat lè sèvis yo te kanpe.

x Sote seksyhon sa a si deklarasyon ann pa aplike a okenn nan pati ki nan ka w la.

D. ☐ Mwen pa kapab detèmine si pati sa a (yo) nan sèvis militè jan yo defini nan Lwa soulajman sivil pou manm sèvis yo. Kòm yon rezilta, anba 50 U.S.C. § 3931(bX3), mwen konprann ke tribinal la, anvan yo antre nan yon jijman ka mande pou mwen ranpli yon kosyon.

Si ou pa sèten si pati yo te janm sèvi nan militè a, epi ou pa kapab konnen, tcheke kare sa a epi ekri non pati yo isit la.

x Sote seksyon sa a si deklarasyon an pa aplike a okenn nan pati ki nan ka w la.

2. Ou oblije bay enfòmasyon ki sipòte afidavi sa a.
Ou dwe ranpli seksyon sa a epi tche chwa A" oswa "B."

A. Mwen te itilize Sitwèb Lwa Soulajman Sivil pou Manm Sèvis yo (Servicemembers Civil Relief Act) (https://scra.dmdc.osd.mil/) pou detèmine estati militè pati (yo) ki nan lis afidavi sa a. (Ou oblije bay rezilta rechèch ou yo.)
Mwen enkli rezilta rechèch mwen fè nan sitwèb Lwa Soulajman Sivil Manm Sèvis yo (Servicemembers Civil Relief Act Website are attached) *(Obligatwa.)*

Lòt enfòmasyon yo opsyonèl si w enkli rezilta rechèch yo tache:

Ou ka itilize Sitwèb Lwa Soulajman Sivil pou Manm Sèvis yo pou w detèmine sitiyasyon militè pati ou te site yo. Fè rechèch nan sitwèb SCRA a mande pou w:

1. Kreye yon kont pou w fè rechèch la; epi
2. Bay dat nesans oswa # Sekirite Sosyal lòt pati yo.

<>- Si w chwazi pou w itilize sitwèb sa a, ou oblije enkli yon kopi rezilta rechèch yo ki rele "Estati Rapò Sitiyasyon Depatman Defans Manl)<Ylller Data Center.

B. Mwen PAT itilize Sitwèb Lwa Soulajman Sivil Sèvis Manm yo (Servicemembers Civil Relief Act) (https:1/scra.dmdc.osd.mil) pou detèmine sitiyasyon militè pati(yo) ki nan lis afidavi sa a. Sepandan, enfòmasyon sa yo sipòte deklarasyon mwen ki anwo a konsènan estati militè pati a (yo). (Ou oblije bay enfòmasyon anba a Tanpri presize.)

Si w p at itilize Sitwèb SCRA a pou w detèmine estati militè pati yo, ou dwe ekri fason ou konnen si pati yo nan militè a.

<>- Ou ka mete enfòmasyon ke ou konnen atravè kontak ou oswa kominikasyon ou ak pati yo, oswa ou ka ekri tou nan katye jeneral sèvis militè ki apwopriye a, ki disponib nan (hnp:l/www.defense.gov/Sitesl. pou detèmine estati militè pati yo.

<>- Tanpri mete tout korespondans ekri ou resevwa nan militè a pou sipòte deklarasyon w.

Nòt: Tèm sèvis militè a gen ladan sa ki annapre yo: sèvis aktif kòm yon manm Lame Etazini, Marin, Air Force, Marine Corps, oswa Gad Kòt; sèvis kòm yon manm Gad Nasyonal anba yon apèl nan sèvis aktif Prezidan an oswa Sekretè Defans la otorize pou yon peryòd de plis pase 30 jou youn apre lòt pou rezon pou reponn a yon ijans nasyonal; sèvis aktif kòm yon ofisye komisyone nan Sèvis Sante Piblik la oswa nan Administrasyon Nasyonal Oseyan ak Atmosfè; ak nenpòt peryòd sèvis pandan ke yon manm sèvis absan nan devwa akòz maladi, blesi, konje, oswa lòt kòz legal. 50 U.S.C. § 3911(2). Yon sitwayen ameriken k ap sèvi ak fòs yon nasyon ki alye Etazini nan yon lagè oswa nan yon aksyon militè kapab tou gen dwa pou jwenn sekou dapre Lwa sou Sekou Sivil pou manm sèvis yo si sèvis sa a sanble ak definisyon sèvis militè. diskite pi wo a. Gade 50 U.S.C. § 3914.

| | |
|---|---|
| Abòne ak Sètifye oswa deklare se la verite<br>SIYATI | DATE<br>Mete dat jodi a isit la: |
| Siyen non w isit la<br>EKRI KLÈMAN AN LÈT DETACHE, OSWA TAPE NON OU, ADRÈS, NIMEWO TELEFÒN OU AK ADRÈS EMAIL<br>Ekri:<br>Prenon ak non fanmi Adrès konplè Nimewo telefòn Adrès imèl si w gen youn | MM/DD/YYYY<br>NIMEWO 880 NUMBER (POU AVOKA YO)<br>x Si w pa yon avoka, ou ka kite espas sa a vid. |